



Pou Piblikasyon Imedya: 02/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK MICRON ANONSE GWO PWOGRÈ SOU ANGAJMAN NAN ZAFÈ GADRI NAN NEW YORK SANTRAL

Kòm yon pati nan pake Green CHIPs istorik Eta a, Micron pral elimine obstak pou mendèv la lè li bay gadri sou plas pou anplwaye Micron yo

Micron pral bay sibvansyon adisyonèl pou gadri nan kay atravè PEACE

Anons lan fèt apre reyinyon inogirasyon Komite Angajman Kominotè Sant New York la; Gwoup la pral idantifye priyorite pou gide Fon Envestisman Kominotè Green CHIPs 500 milyon dola a

Gouvènè Kathy Hochul ak Micron Technology, Inc. te anonse jodi a nouvo detay sou angajman konpayi an nan zafè gadri, kòm yon pati nan investisman istorik 100 milya dola li pou konstwi yon kanpis fabrikasyon semi-kondiktè dènye kri nan Clay, Konte Onondaga. Patenarya transfòmasyon piblik-prive a pral pote jiska 50,000 djòb nan Sant New York. Kòm yon pati nan [akò](#) ant Micron ak Eta New York, Micron te achte yon pasèl tè sou Caughdenoy Road nan Clay ki pral devlope pou ofri gadri sou plas pou anplwaye Micron yo.

"Byen bonè nan karyè mwen, mwen te pran desizyon difisil pou m kite travay mwen paske fanmi nou pa t gen aksè a gadri – yon chwa difisil okenn paran nan New York pa ta dwe oblije fè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou nou atenn objektif sa a, li mande solisyon politik inovatè tankou Lwa Green CHIPS nou an, lejislasyon sou devlopman ekonomik nasyonal ki egzije pou fabrikasyon semi-kondiktè yo angaje yo pou ofri sèvis gadri ki abòdab, serye pou kominote kote biznis sa yo gen rasin yo. Micron te fè yon travay enkwayab nan respekte kontra a jis nan fen li, ki gen ladan l jiska yon fon kominotè 500 milyon dola, epi mwen kontan wè etablisman gadri sa a ap avanse nan Sant New York".

Vis Prezidan Prensipal ak Direktè Resous Imèn Micron ak Prezidan Fondasyon Micron an, April Arnzen, te deklare, "Lè l retire obstak pou antre oswa tounen antre nan mendèv, Micron ap kreye opòtinite pou plis fanm ak lòt moun ki souvan pa byen reprezante nan endistri nou an pou jwenn aksè a karyè ki enteresan epi kontribiye nan tout potansyèl yo. Mwen kontan rantre nan Konsèy Direktè Early Childhood Alliance nan Konte Onondaga. Nou enpasyan pou nou travay avèk Gouvènè Hochul, Egzekitif

Konte Ryan McMahon, lòt lidè biznis ak founisè gadri lokal yo pou bay fanmi Sant New York yo plis opòtinite pou gadri".

Depi li te anonse angajman Micron nan New York Santral, konpayi an te fè gwo investisman nan gadri pou timoun ki pral benefisye fanmi Sant New York yo. Nan fen ane pase a, Micron [te pwomèt](#) 500,000 dola bay YMCA nan Sant New York pou ede elaji aksè a bon jan kalite gadri ak aprantisaj bonè pou kominote defavorize nan rejyon an. Jiska prezan, yo te depanse 250,000 dola nan edikasyon timoun piti, sa ki afekte prèske 2,000 timoun nan rejyon an. Rè 250,000 dola yo pral rezève pou gadri timoun jiska senk ane.

Anplis de sa, Micron te anonse finansman pou pwogram Pakou Karyè pou Timoun Piti (Early Childhood Career Pathways), ke Childcare Solutions ak PEACE Inc. administre. Pwogram sa a konsantre sou elaji ak aktive sant gadri familyal yo, k ap benefisye founisè yo, anpil ladan yo se fanm ak minorite, nan ogmante kantite sant gadri lakay yo. Sa a ede asire establite ak bon jan kalite nan yon kanal sèvis gadri enpòtan.

Enkòpore an 1968, [PEACE, Inc.](#) se yon [Ajans Aksyon Kominotè](#) (Community Action Agency, CAA) federal yo deziyen ki sèvi apeprè 10,000 kliyan nan Syracuse, Konte Onondaga ak kèk pati nan Konte Oswego. Avèk yon prensip direktè "Maksimòm Patisipasyon Posib," oswa konsèp ke moun CAA ap sèvi yo dwe patisipe tou nan pwosesis pou pran desizyon òganizasyon an, ajans lan pouswiv yon misyon pou ede moun nan kominote a atenn potansyèl yo pou vin endepandan.

Anons jodi a vini apre reyinyon inogirasyon Komite Angajman Kominotè CNY la, [ki te premye anonse](#) an avril 2023 kòm yon pati nan akò Kad Investisman Kominotè ki te fèt ant Micron ak Eta New York. Komite a, ki gen ladan ekspè nan matyè yo ak lidè kominotè yo ke Gouvènè Hochul nonmen, pral angaje ak yon pakèt pati konsène sou yon baz kontinyèl pou asire tout reprezantasyon pou kominote atravè rejyon an nan pwosesis pou devlope priyorite pou investisman nan kominote a. Komite a te rankontre rezidan yo, lidè kominotè yo ak pati konsène yo pou dekri pwosesis pou devlopman yon dokiman priyorite kominotè yo ki pral sipòte estrateji investisman kominotè konpayi an.

Pandan reyinyon an, yo te anonse ke Empire State Development ak Micron te kòmande yon etid apwofondi pou pi byen konprann mache lojman Sant New York la epi ede gide investisman pati konsène yo. Etid la pral gen ladan analiz done, angajmanpati konsène yo, konpreyansyon etid ka ak pi bon pratik nasyonal yo, ak rechèch politik. ESD ap finalize konsiltan an epi li prevwa travay yo ap kòmanse nan fen ane 2023.

Anplis de sa, Direktè Egzekitif Jeneral CenterState te chwazi dènyèman konpayi konsiltasyon Fourth Economy pou fasilite pwosesis Dokiman Priyorite Kominotè a pou Komite a. Fourth Economy pral fè analiz done sou domèn enpòtan yo, sipòte angajman Komite a avèk gwoup kominotè yo, dirije gwoup diskisyon yo ak entèvyou avèk gwoup ki konsène yo ak piblik la, epi fasilite reyinyon piblik adisyonèl yo.

Gouvènè Hochul [te siyen](#) lejislasyon Green CHIPS New York ki transfòme an lwa nan mwa out 2022 pou fè New York tounen yon sant pou fabrikasyon semi-kondiktè pandan l ap kreye djòb, rekòmanse kwasans ekonomik, epi kenbe pwoteksyon anviwònmantral enpòtan. Anplis etablisman egzijans nan zafè travay ak dirabilite, Green CHIPS asire ke biznis yo fè gwo investisman nan mendèv ak devlopman kominote a, tankou atravè fòmasyon, edikasyon, ak opòtinite pou gadri.

Gouvènè a rete angaje l pou elaji gadri abòdab, serye atravè Eta New York. Nan kad bidjè eta ane fiskal 2023, Eta New York te angaje 7 milya dola sou kat ane, sa ki reflekte ke aksè a bon jan kalite gadri enpòtan anpil pou timoun, fanmi, ak rekiperasyon ekonomik eta a. Bidjè ane fiskal 2024 la te kreye [Pwogram Sibvansyon Retansyon Mendèv](#) la ki mete disponib 500 milyon dola nan fon federal ki pa itilize kòm sibvansyon pou pwogram gadri elijib yo; yon nouvo Kredi Enpo pou Gadri Anplwayè 25 milyon dola ki disponib pou biznis pandan de pwochen ane yo pral kreye nouvo plas pou gadri (ak elaji opsyon ki egziste deja) pou travayè yo; ak finansman istorik adisyonèl - ki gen ladan yon investisman 4.8 milyon dola nan yon nouvo Pwogram Pilòt Gadri Anplwayè a Esponnsorize. Anplis de sa, 1 milyon dola yo te repati nan bidjè a pou kreye yon pwogram navigatè biznis nan chak nan 10 rejyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) yo pou ede biznis ki enterese yo idantifye opsyon pou sipòte bezwen gadri anplwaye yo, epi devlope tou yon liv gid pou gadri nan tout eta a pou anplwayè yo.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Mank gadri abòdab, ki an sekirite epi ki serye se souvan rezon ki fè yon paran pran poz nan karyè li, sa ki mete yon chay finansye sou fanmi yo. Pwogram Green CHIPs Gouvènè Hochul la retire obstak yo pou mendèv la epi pèmèt fanmi yo pwospere nan Eta New York".

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Sant New York, Randy Wolken, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Fabrikan nan Sant New York ak Prezidan Le Moyne College, Linda M. LeMura, te deklare, "Pa gen okenn estimasyon an eksè sou enpak ekonomik yo atann de Micron sou Sant New York. Nou felisite yo pou efò yo konsantre sou gadri timoun yo, paske bay anplwaye li yo swen sou plas ke yo ka pwofite pral enpòtan, non sèlman pou siksè kontinyèl li, men pou tout rejyon an. Nou rete rekonesan anvè konpayi an ak Gouvènè Hochul paske l fè investisman sa a vin yon reyalite".

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Avèk Sant New York ki gen pi gwo investisman nan istwa Etazini, li endispansab pou nou kreye mendèv pou reponn a plizyè dizèn milye nouvo djòb nan konstriksyon, fabrikasyon ak inovasyon pwojè 100 milya dola Micron pral kreye yo. Epi sa vle di ofri opsyon gadri bon jan kalite bay fanmi New York Santral nou yo. Angajman sible Micron pou gadri sa yo, ki gen ladan efò pou elaji aksè a bon jan kalite gadri ak aprantisaj pou timoun piti pou kominote defavorize yo nan rejyon an, make gwo pwogrè nan direksyon pwojè megafabrik la. Mwen fyè pou m sipòte angajman Micron ak Gouvènè Hochul pou fè gadri pou timoun ki abòdab ak aksesib vin yon reyalite pou plis fanmi atravè Eta New York".

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Mank gadri abòdab se youn nan obstak prensipal yo pou travay konplè pou anpil fanmi k ap travay, epi sitou pou fanm yo. Kòm yon pati nan angajman yo pou vin yon gwo anplwayè nan Sant New York, mwen kontan wè ke Micron te fè sa yon priyorite pou l investi nan plizyè domèn diferan ki pral ofri opsyon gadri bon jan kalite ak abòdab pou paran ki gen timoun piti. Mèsi Gouvènè Hochul ak Micron paske nou te travay di pou asire tout Nouyòkè Sant yo gen yon chans pou yo travay, ki bay paran yo opòtinite pou bay pitit yo yon bon lavi".

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Ranfòse sistèm gadri nou an ak elimine dezè gadri se yon priyorite pou Majorite Sena a paske gadri bon jan kalite, abòdab, ak aksesib bon pou fanmi yo, aktivite ekonomik, aprantisaj, epi kontribiye nan bon kalite lavi nan rejyon nou an. Mwen se yon gwo sipòtè investisman istorik Eta New York te fè pandan plizyè ane pase yo pou rezoud pwoblèm sa a dirèkteman. Planifikasyon apwopriye ak investisman kontinyèl nan gadri Sant New York enpòtan anpil pandan n ap prepare pou arive endistri semi-kondiktè a. Mwen remèsye Micron pou investisman kominotè sa a epi mwen felisite anpil Gouvènè Kathy Hochul pou angajman li anvè fanmi ak timoun yo, patenarya li sou lejislasyon Green CHIPS la, ak sipò fondamantal li pou pote fabrikasyon avanse nan Sant New York".

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Yon mank gadri serye ak abòdab kapab yon obstak pou antre sou mache travay la pou nenpòt paran k ap travay. Pandan Micron ap konstwi yon etablisman fabrikasyon pis semi-kondiktè isit la nan Sant New York, mwen felisite angajman yo anvè priyorite ak bezwen kominote nou yo ki gen ladan bay aksè a gadri bon jan kalite ak abòdab pou anplwaye yo. Sa a se yon premye egzanp sou fason nou ka ogmante investisman federal ak eta ansanm ak sila yo ki pote travay, tankou Micron, pou non sèlman ranfòse ekonomi eta nou an men pou amelyore kalite lavi pou mendèv nou an".

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Envesti nan gadri se yon angajman nesèsè pandan n ap ogmante mendèv lokal la. Asire ke anplwaye yo gen bon jan kalite gadri ki serye pral pèmèt anplwaye yo gen opòtinite pou rete konsantre pandan jounen travay la".

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare, "Aksè nan gadri abòdab ak serye se yon obstak ministè mwen an te travay avèk dilijans pou rezoud depi lè m te antre an fonksyon. Nou te fè investisman san parèy nan espas la epi nou rete fèm nan angajman nou. Mwen vle remèsye Micron ak Eta New York pou investisman yo nan devlope enfrastrikti gadri nan kominote nou an. Lè nou gen yon apwòch inifye ak konplè nan inisyativ sa a, sa pral asire chak manm nan kominote nou an gen opòtinite pou yo pwofite nouvo chapit enteresan sa a nan istwa retoun kominote nou an".

Majistra Syracuse la, Ben Walsh, te deklare, "Micron ap avanse nan yon fason reflechi ak kolaboratif pandan l ap envesti nan Syracuse ak Konte Onondaga. Konpayi an ap travay nan tèt kole ak Eta New York, gouvènman lokal ak òganizasyon san bi likratif yo pou prepare pou tout bezwen ak opòtinite yo ke angajman li kreye pou konstwi

youn nan pi gwo izin fabrikasyon semi-kondiktè nan mond lan nan kominote nou an. Krete gadri sou plas pral ede reyon nou an konble mank nou fè fas nan domèn kritik sa a ki afekte timoun, fanmi ak biznis yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak dirijan Micron yo dèske yo kontinye asire nou pwofite opòtinite istorik sa a".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418